

Gladhen 2: Ngidhidentifikasi Teks Narasi

A. Gatekna teks ing ngisor iki!

.....
Isih jam setengah wolu.
Ing alun-alun wis kebak uwong.
Dina iki ana *Festival Dolanan Tradhisional* sa-kabupaten.
Pesertane para siswa SD saka 9
kecamatan. Sing bakal
tetandhingan yaiku wakil saka
kecamatan-kecamatan mau.



Dolanan tradhisional kang dilombakake, yaiku: egrang, balap karung, gobag sodor, patil lele, betengan, dhakon, lan gedrig.

Bima wis siaga kanthi egrange. 3 peserta liyane mengkonono uga.

"Prriiittt....!" Swara aba sempritan muni banter. Bima enggal munggah egrang lan jumangkah miwiti lomba. Egrang iku ginawe saka pring. Ing perangan ngisor ana tlapan kanggo sikil kang sinangga sikon ing ngisore. Tlapan mau ana sing ditali ing cagake, ana uga sing dibolongi.

Senajan wis latihan, ana wae alangane. Ana peserta sing tiba nalika wiwit munggah ing tlapan amarga ndhredheg. Aturane ing babak penyisihan ora kena tiba luwih saka kaping telu. Jarak sing kudu diliwati 5 meter bola-bali.

"Ayo...! Teruss....cepet....!" sorake sing padha nonton aweh semangat.

Bima bisa ngliwati babak penyisihan mau. Dheweke menang terus. Kabeh padha seneng weruh ketrampilane egrangan. Senajan awake lemu nanging ora kalah gesit karo liyane. Iki sebabe Bima kerep latihan sadurunge lomba. Gunane latihan saben dina ndadekake Bima trampil lan kuwat.

Akhire ing babak final Bima kudu adu cepet lan adu trampil karo 3 peserta liyane.

"Prrriiitt...!"

Bima enggal tumandang ngatonake kabeh ketrampilane. Lambene ndremimil ndonga, muga-muga bisa menang. Cukat trengginas munggah ing tlapakan. Cagak egrang kiwa tengen dicekel bakuh. Tangan lan sikile wiwit maju bareng. Ing babak final iki aturane ora oleh tiba. Yen nganti tiba ateges kalah.

Kabeh padha trampil lan cepet, nanging ora kena lena sebab yen nganti ilang keseimbangane bisa nggoling lan tiba. Limang meter wis kliwatan. Bima muter awake. Kringete dleweran ing gegere. Sorake sing padha nonton nambah semangate sing padha tandhing. Alon-alon Bima wiwit ninggalake mungsuhe sing wiwit entek tenagane. Tandhing kaping papat pancen nguras tenaga. Bima sengaja nata ambegan lan njaga langkahe supaya ora nganti kentekan tenaga.

"Bima...Bima..!"

"Ayo Biim...Cepet... teruuss..! Akeh sing padha menehi dhukungan marang Bima.

Tali pita wis ana ing sangarepe. Kurang rong langkah maneh finis. Tangane nganti gemeter. Lambene ndremimil ndonga maneh. Atine dikuwatake. Akhire...

"Horre...!!! Bima menang..!"

Bima kasil dadi juwara I lomba egrang tingkat Kabupaten.

Srengengene wis ana ing sisih kulon penere. Jam loro awan *Festival Dolanan Tradhisional* dina kapisan iku rampung ditindakake. Bakal diterusake dina kaloro, ing sesuke. Bocah-bocah katon seneng banget atine. Kabeh uga katon seger awake. Dolanan tradhisional gawe seger kuwarasan tenan.

B. Wacanen kanthi patitis teks narasi ing dhuwur, banjur urutna andharan ing ngisor iki supaya alure teks narasi mau runtut!

No.	Andharan	Urutan
1	Isih esuk alun-alun wis kebak uwong, amarga arep ana <i>Festival Dolanan Tradhisional</i> sa-kabupaten. Pesertane para siswa SD saka 9 kecamatan.	
2	Jam loro awan lomba dina kapisan rampung.	
3	Bima melu lomba egrang.	
4	Dolanan tradhisional kang dilombakake, yaiku: egrang, balap karung, gobag sodor, patil lele, betengan, dhakon, lan gedrig.	
5	Sempritan diunekake minangka tandha lomba diwiwiti.	
6	Aturan maine ana rong babak, penyisihan lan final.	
7	Bima ndremimil dongane, kringete nganti dleweran, lan tangane gemeter.	
8	Penontone sorak-sorak rame lan seneng banget.	
9	Bima menang ing babak penyisihan, banjur mlebu babak final.	
10	Bima kasil dadi juwara ing lomba egrang sakabupaten.	
11	Egrang iku ginawe saka pring, cagake ana loro, ngisore ana tlapakan kanggo sikil, ngisore maneh ana sikon kanggo nyangga tlapakan. Tlapakane ditali utawa diencepake ing cagake.	